**Алиева Заринин цхьаьнакхетар**

Автор: Administrator
28.02.2019 09:13 - Обновлено 28.02.2019 09:15



Февраль беттан 21-чу дийнахь «Орга» журналан коьртачу редакторан Алиева Заринин цхьаьнакхетар хилира НР Правительствон председателан заместитель, финансийн министр волчу Тагаев Султанаца. Цхьаьнакхетарехь къамел хилира нохчийн маттах, литературах, цара юкъаралла, къам кхетош-кхиорехь лелочу маьIнах, мотт боцуш къам хила йиш цахиларх а. Султана дийцарехь, цунна гуттаренна а дагахь дисина Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас аьлла дешнаш: «Нохчийн маттахь къамел дарх ца тоьа, нохчийн маттахь ойла еш хила веза бакъволу нохчи». Оцу дерригенах а дика кхеташ волчу министран белхан стоьла тIехь А. Айдамировн «Еха буьйсанаш» яра, хьалхо хилла къамел тIечIагIдеш.

Цхьанакхетарехь гучуделира Султан Хумаидович книгаш йоьшуш, езаш хилар, литературица уьйр йолуш хилар а. Жимачохь «Орга» журнал доьшуш, цуьнца гергарло лелош хилла хиллера Тагаев Султан. Цунна хIинца а дагайогIура цу тIера ша ешна цхьайолу байташ.

Пайдечу цхьаьнакхетарехь хилла къамел дӀадоьрзуш, министро С. Тагаевс ша автор волу статья («Чеченский язык» С.Х. Тагаев, М.С. Каменских) тӀехь йолу «В мире языка, языки в мире» гулар, иштта ша коьртехь а волуш хӀоттийна «История банковского дела в Чеченской Республике» книга а совгӀатна елира «Орга» журналан редакцина, «Мотт – къоман са ду», – аьлла.

Дика ду-кх, иштта, вайн маттаца а, къоман иэсаца а бала хилла ца Ӏаш, и синамехалаш къоман кхане юй а хууш болу нах Нохчийн Республикин куьйгаллехь болуш!